Established 1915
BROWARD
County Public Schools

**Mizajou Enfòmasyon sou Kowonaviris**
**29 Mas, 2020**

# Senk Etap pou Demare ak Ansèyman e Aprantisaj Adistans nan Lekòl Piblik Broward County

Anba a, nan papye-a, ou va jwenn yon lis etap sou sa pou w fè pou kòmanse aprantisaj sou Entènèt apati semenn 30 Mas

## 1. Kijan pou mwen ale lekòl?

Ale sou sit **sso.browardschools.com**.

## 2. Kijan pou m antre lekòl?

Anrejistre (Sign in) ak nimewo idantifikasyon elèv epi modpas/PIN ou pou w wè Clever Launchpad pa-ou. Chak elèv gen yon dashboard selon klas lap fè. Pi ba, ou va jwenn yon egzanp. Pou elèv ki jenn ak aprenan ki gen difikilte, paran/gadyen ta dwe antre enfòmasyon elèv-la, louvri yon sesyon epi konekte sou sit-la.




## 3. Kijan m pral antre nan klas?

Klike sou imaj Canvas ki antoure ak yon liy wouj.

## 4. Kijan m ap antre nan klas?

Itilize bouton "Courses" ki sou ba navigasyon kote goch e ble (left blue navigation bar) pou w gen aksė a klas-ou. Oswa klike sou Canvas Tile ki va mennen ou dirėk nan klas Canvas (Canvas course).




## 5. Kijan m'ap entėaji/kominike ak pwofesė-mwen (pwofesė-yo)?

Fė lekti notifikasyon ak annons pwofesė ou, anwo paj akėy klas Canvas ou, epi apresa chache ki devwa pwofesė a ba-ou. Si pwofesė a prepare travay ou ak modil (Modules), klike sou lyen Modules, ki sou ba navigasyon klas-ou, sou bò goch, pou w kòmanse wė chak leson (inite etid).

Pwofesė ou ka aktive videyo konferans andirėk, videyo pre-anrejistre, epitou mesaj Canvas. Chak pwofesė va ba-ou enstriksyon espesifik sou jan li pral kominike ak ou-menm, paran, epi pitit-ou.



Byenke pitit-ou ap patisipe nan aprantisaj adistans, sou Entėnėt, pitit-ou pap bezwen devan konpitė a diran tout yon jounen. Elėv-yo dwe konekte epi louvri yon sesyon pou yo ka resevwa devwa-yo ak esplikasyon de pwofesė a (pwofesė-yo). Elėv-yo ka fė devwa-yo sou Entėnėt oswa pral fė devwa-yo anliy (Entėnėt), sepandan, elėv-yo ka konplete devwa lė yo pa anliy. Nan ka sa elėv-yo va telechaje (upload) devwa a sou klas Canvas-yo pou pwofesė a bay nòt. Yo ka mande elėv-yo patisipe nan yon webinar andirėk oubyen gade yon videyo anliy pou elėv-yo resevwa enstriksyon yo bezwen. Webinar ak videyo sa-yo ka diferan selon dire yo. Kòm toujou, tanpri eseye bay pitit-ou sipò otanke posib pou ede-yo konplete devwa-yo. Tanpri pa ezite kontakte pwofesė pitit-ou pa imel si ou gen kesyon sou ansėyman adistans, sou Entėnėt, oswa gen enkyetid.

Si pitit-ou pa gen okenn klas Canvas oswa pa resevwa notifikasyon ak annons le Lendi, 30 Mas, tanpri ale sou sit **browardschools.com/learningnevercloses**. Gen anpil aktivite pou diferan klas ki disponib pandan plizyė jou; elėv-yo ka fė aktivite sa-yo annatandan pwofesė-yo mete sou Entėnėt klas-yo epi klas vin disponnib. Si rive Madi, 31 Mas, ou pa resevwa okenn enfòmasyon, tanpri voye yon imel bay administrasyon lekòl-la oswa rele lekòl-la.

**Pou plis enfòmasyon ak mizajou, vizite sit browardschools.com/coronavirus.**

**Tanpri pran nòt chanjman nan enfòmayon fėt toutan epi mizajou enfòmasyon va fėt ositoke posib.**

**The School Board of Broward County, Florida** Lori Alhadeff • Robin Bartleman • Heather P. Brinkworth • Patricia Good • Donna P. Korn Laurie Rich Levinson • Ann Murray • Dr. Rosalind Osgood • Nora Rupert • Robert W. Runcie, Superintendent of Schools

The School Board of Broward County, Florida, entėdi tout regleman oswa pwosedi ki lakòz diskriminasyon sou baz laj, koulė po, andikap, idantite seksyėl, espresyon seksyėl, eta sivil, nasyonnalite, ras, relijyon, sėks oswa oryantasyon seksyėl. School Boy bay Boy Scouts ak lòt gwoup jenn ki deziye, aksė egal. Moun ki vle pote plent kont diskriminasyon ak/oswa arasman ka kontakte Direktė,depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department & Kodonatė Ekite Distri a/Kodonatė Title IX nan nimewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. Dapre amannmann lwa Americans with Disabilities Act Amendments Act of 2008 (ADAAA), moun ki bezwen akomodasyon ka kontakte depatman Equal Educational Opportunities/ADA Compliance Department nan ewo 754-321-2150 oswa Teletype Machine (TTY) 754-321-2158. **browardschools.com**